# ОЙЫН ӨНЕРИНИҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎИ ҲӘМ РАЎАЖЛАНЫЎЫ

## (Балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби мысалында)

**Алмагул Халилаева** – *доцент ў.ў.а*
rozahalilaeva2@gmail.com
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

# ФОРМИРОВАНИЕ И РАЗВИТИЕ ИГРОВОГО ИСКУССТВА

## (На примере детской школы музыки и искусства)

**Алмагул Халилаева** – *и.о. доцент*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# FORMATION AND DEVELOPMENT OF THE ART OF GAMES

## (On the example of a children's music and art school)

**Almagul Khalilaeva** – *Associate Professor*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Таяныш сөзлер:** ойын, ойын өнериниң қәлиплесиўи, кадрлар мәселеси, хореография бөлимлери, көркем өнер мектеплери.

**Резюме.** Мақалада көркем өнер шәмениндеги жас нәўшелердиң ғумша ашыўы ҳәм оларға қаратылып атырған итибар, соңғы жыллары мәмлекетимизде мәдeният ҳәм көркем өнерге қызығыўшы жасларымызды қоллап-қуўатлаў бағдарында нәтийжели ислер әмелге асырылып атырғанлығы сөз етиледи. Бүгинги күни бир ғана Қарақалпақстан Республикасында 24 балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби жумыс алып барылып атыр. Солардың ишинде пайтахтымыз Нөкис қаласы Есжан бақсы атындағы 1-санлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби мысалында сөз етиледи.

**Ключевые слова:** хореография, формирование танцевального искусства, кадровые вопросы, хореографические отделения, художественные школы.

**Резюме.** В статье рассказывается о расцвете молодых талантов в саду искусства и уделяемом им внимании, а также о том, как в последние годы в нашей стране проводится эффективная работа по поддержке молодежи, интересующейся культурой и искусством. В настоящее время только в Республике Каракалпакстан функционируют 24 детские музыкальные и художественные школы. В частности, на примере детской музыкальной и художественной школы No1 имени Эсджона бахши в нашей столице, городе Нукусе.

**Key words:** choreography, the formation of dance art, personnel issues, departments of choreography, art schools.

**Summary.** The article discusses the blossoming of young saplings in the garden of art and the attention being paid to them, as well as the effective work being carried out in our country in recent years to support young people interested in culture and art. Today, 24 children's music and art schools operate in the Republic of Karakalpakstan alone. Among them, the example of the Esjon Bakhshi Children's Music and Art School No. 1 in our capital, Nukus, is being discussed.

Данышпанларымыздан бири: «Тәрбия бахыттың безеги, бахытсызлықтың қорғаўшысы», - деген еди. Әлбетте, келешек әўладқа итибар бүгиннен басланады. Көркем өнер шәмениндеги жас нәўшелердиң ғумша ашыўы бүгин оларға қаратылып атырған итибар ҳәм тәрбияға байланыслы.

Соңғы жыллары мәмлекетимизде мәдeният ҳәм көркем өнерге қызығыўшы жасларымызды қоллап-қуўатлаў бағдарында нәтийжели ислер әмелге асырылмақта. Бүгинги күни бир ғана Қарақалпақстан Республикасында 24 балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби жумыс алып барылып атыр. Солардың ишинде пайтахтымыз Нөкис қаласы Есжан бақсы атындағы 1-санлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби. 1976-жылы мектебимизде жаңадан сүўретлеў көркем өнер ҳәм хореография бөлимлери ашылып, бириншилер қатарында көркем өнер мектеби болды.

Хореография бөлиминде устазлардан Ж.Турдымуратов, Д.Юсупов, К.Атажанов, Г.Музапова, Т.Хожасовлар аяқ ойын сырларын оқыўшыларға үйретип билим берген дәслепки муғаллимлерден училищесин табыслы тамамлап, Ташкент мәмлекетлик хореография жоқары оқыў орнында билим алмақта. Жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында билим алып, театр ҳәм балет артистлери болып ислеп келмекте, Е.Смирнова Оренбург опера ҳәм балет театрында, А.Абдикамадов Нөкис мәдeният ҳәм көркем өнер колледжине

хореография бөлими оқытыўшысы, Н.Мәмбетуллаев Москва қаласында Алла Духованың «Тодес» шоу балетинде, Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист И.Атағуллаева, Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен артист, Г.Жүзимбетова, «Әмиў толқыны» ансамбли солистлери, Л.Галиева Красноярск опера ҳәм балет театрында, А.Хасаншина Ташкент опера ҳәм балет театрында, Г.Грекова Алма-ата опера ҳәм балет Г.Сайманова Қазақстан Республикасы «Гулдер» ансамблинде жумыс ислеп атыр. Бөлиминде «Әмиў гүллери» ансамбли ашылып Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы көлеминде өткерилип киятырған концерт бағдарламаларында турақлы қатнасып киятыр. Мектебимиздиң оқыўшылары массалық ҳәм жеке, заманагөй бал ойынлары бойынша, Республикамызда өткерилген «Санаат байрамы» көрик таңлаўында 6 мәрте лауреаты болды. Хореография бөлими республикалык балалар фонды менен биргеликте, Хожели балалар Мехрибанлық үйинде ҳәм Тахтакөпир районындағы шопан балалар мектеп интернатында қайырқомлық концертлерине қатнасты.

2008-жылы Түркменстан Республикасы Ашхабат қаласында өткерилген халықаралық балалар дөретиўшилик фестивалына «Әмиў гүллери» ансамбли қатнасып, қарақалпақ миллий ойынларын сахналастырып оқыўшылары менен жоқары дәрежели дипломға ийе болды. Түркменстан Республикасы Туркменбашы қаласында өткерилген халықаралық «Аваза 2010» ҳәм «Аваза 2013» балалар дөретиўшилик фестивалына «Әмиў гүллери» ансамбли қатнасып, қарақалпақ миллий ойынларын сахналастырып оқыўшылары менен жоқары дәрежели дипломларға ийе болып келди.

2015-жылы Беларуссия мәмлекети Могольёв қаласында өткерилген «Золотая пчёлка» халықаралық фестивалға «Әмиў гүллери» ансамбли хореографиялық композициясы менен қатнасып III дәрежели диплом менен сыйлықланды. 2016-жылы Россия мәмлекети Сочи қаласында өткерилген «Народные истоки» халыкаралык фольклор балалар фестивалына, «Әмиў гүллери» ансамбли хореографиялық жөнелиси бойынша қатнасып II дәрежели диплом менен сыйлықланды.

2017-жылы Қырғызстан Республикасында өткерилген «Иссиқ кўл дўстларни чорлайди» VI халыкаралық таңлаўда «Әмиў гүллери» ансамбли хореографиялык композициясы менен қатнасып II дәрежели диплом менен сыйлықланды. 2018-жылы Ташкент қаласында өткерилген, «Балалар музыка ҳәм көркем-өнер мектеплер арасында Республика ансамбллер» таңлаўының Өзбекстан Республикасы жуўмаклаўшы басқышында «Әмиў гүллери» ансамбли хореографиялық композициясы менен қатнасып, III дәрежели диплом менен сыйлықланды. 2019-жылы Ташкент қаласында өткерилген «Шарқ атиргули» халықаралық конкурс фестиваль таңлаўында «Әмиў гүллери» ансамбли II дәрежели диплом менен сыйлықланды.

2018-жылы оқыўшы ер балалар оқыўшылары арасында «Арал жигитлери» ансамбли тәрепинен оқытыўшысы К.Халмуратов тәрепинен шөлкемлестирилди. Өзбекстан көлеминде өткерилип киятырған концерт бағдарламаларын турақлы қатнасып келмекте. Қарақалпақстан Республикасы көлеминде көрик танлаўларға қатнасып сыйлы орынларды алып келмекте. 2020-жылы 25-март ҳәм 15-апрель айларында Чехия Республикасында онлайн тәризинде өткерилген таңлаўда хореография бағдары бойынша Ж.Шавкатова қатнасып II дәрежели диплом менен ҳәм Т.Кунназарова III дәрежели диплом менен сыйлықланды. Хореография бөлиминде ҳәзирги ўақытта 150 ден аслам оқыўшы ойын сырларын үйренип келмекте. Оларға тәжрийбели устазлар «Қарақалпақстан Республиқасына мийнети сиңген жаслар устазы» «Қарақалпақстан Республикасы халық тәлим ағласы» А.Халилаева, И.Швалова, Ж.Байымбетова, К.Халмуратов, Н.Палымбетовлар ойын сырларын үйретип келмекте. Бөлимимизде «Әмиў гүллери» ансамбли 1976-жылы ашылып Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан көлеминде өткерилип киятырған концерт бағдарламаларын турақлы қатнасып келмекте.

2021-жылы март айында Қарақалпақстан Республикасы көлеминде өткерилген «Балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплери Республикалық ансамбллер таңлаўын»да «Әмиў гүллери» ансамбли I дәрежели диплом менен сыйлықланды. Өзбекстан көлеминде өткерилетуғын таңлаўына жоллама алды.

2022-жылы 23-апрель күни Қарақалпақстан Республикасы көлеминде өткерилген «Балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеплери Республика ансамбллер таңлаўын»да «Әмиў гүллери» ансамбли I дәрежели диплом менен сыйлықланды, Өзбекстан көлеминде өткерилетуғын таңлаўына жоллама алды. 2024 – жылы бөлимимиздиң «Әмиў гүллери»

ансамбли ҳәм «Арал жигитлери» ансамбли Ташкент қаласында өткерилген «Шарқ атиргули» халықаралық конкурс фестиваль таңлаўында қатнасып «Арал жигитлери» ансамбли I дәрежели диплом хәм де «Әмиў гүллери» ансамбли киши топар кызлары II дәрежели диплом үлкен топар қызлары III дәреже диплом менен сыйлықланды.

1976-2026-жылда бул өзин машақатлы ҳәм мақтанышлы 50 жыллық тарийхы ишинде хореография жөнелиси бойынша көркем өнер шеберлерин, жетик қәнигелерди, елимиздиң мақтанышы болған талантлы жасларымызды тәрбиялап, миллий хореографиямыздың раўажланыўына өзиниң салмақлы үлесин қосып киятыр. Хореография бөлиминде ҳәзирги ўақытта 6 оқытыўшы талантлы жасларымызға хореография жөнелиси бойынша билим бермекте. Устазларымыздан атап өтсек: «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген жаслар устазы», «Қарақалпақстан Республикасы халық тәлим ағласы» Алмагуль Халилаева, «Ўатан пидайысы» көкирек нышан белгиси ийеси Ирина Швалова, Жулдыз Байымбетова, Карамат Халмуратов, Индира Айтжанова, Бахрам Мәмбетмуратовлар жасларға ойын өнери сырларын үйретип келмекте.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Е.А.Петросова. Каракалпакский танец. Ташкент. - 1960 ж.
2. 1 санлы Есжан бақсы атындағы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби архивинен мағлыўматлар.